# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAĞI BALALARDIŃ TILIN, OY-ÓRISIN RAWAJLANDIRIWDIŃ TEORIYALIQ ÁHMIYETI

**Erimbetova Parshagul Risbaevna**
*Ájiniyaz atındaģı NMPI,*
*Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrası assistent oqıtıwshı.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079383

***Annotaciya***. *Tálim balalarģa izbe-izlik penen bilim beriwdi, bul bilimlerdi anıqlaw hám sistemalastırıw, biliw processleri, oylaw aktivligin rawajlandırıwdı názerde tutadı. Tálim baqlawshılıq, qızıģıwshılıq, ziyreklilik sıyaqlı sıpatlardı rawajlandırıwģa járdem beredi. Tálim procesinde balalarda oqıw iskerligi payda boladı hám mektepte oqıwı ushın zárúr sharayatlar jaratılıwı úyrenildi.*

***Tayanısh sózler***: *oray, til úyretiw, gúrrińler esitiw, imkaniyat, balanıń rawajlanıwı, «Ilk qadam» mámleketlik oqıw baģdarlaması, emocionallıq kórinisler.*

Balanıń rawajlanıwın támiyinlewge qaratılģan tiykarģı iskerligi tek ģana balanı erkin turmısqa tayarlawına, bálki búgingi kunniń nátiyjeli bolıwı, ósiwi hám rawajlanıw procesi tábiyiy halda keshiwi ushın zárúr shárt-sharayatlar jaratıwdı názerde tutadı.

Til hám sóylew orayında kitap oqıw, esitiw quralları hámde jazıw ushın oqıw qurallları tiykarģı orındı iyeleydi. Bul tınısh múyesh bolıp, ol jaģdayda balalar kitaplardı qarap shıģıwı múmkin. Sonıń menen birge, bul jerde tárbiyashı yamasa valantyor járdemshi balalarģa kitaptı dawıs shıģarıp oqıp beriwi múmkin. Ol jaģdayda balalarģa kitapshalardı óz qolı menen soģıw, tema (syujet) lardı oylap tabıw hám atqarıw, gúrrińler esitiw usınıs etiledi.

Bilimlendiriw mazmunı degenimizde qaraqalpaq tilin úyretiw ushın tańlap alınģan bilim, uqıp hám kónlikpeler dizbegin túsinemiz. Sonıń menen birge, hár qanday bilimdi meńgeriw, bul balanıń hár tárepleme rawajlanıwına tiykar jaratadı, olardı keyingi oqıw hám miynet iskerligine tayarlaydı, olardıń bilimge bolģan qızıģıwshılıģın oyatadı hám adamzattıń barlıq iskerlik sferası bolģan sociallıq, mádeniy, siyasiy tarawlarda erkin qarım-qatnas jasap sóylesiw kónlikpeleri qáliplesedi. Bilimlendiriw mámleket tárepinen shıģarılģan nızamda kórsetilgenindey bilim alıw hár bir shaxstıń minneti (waziypası) bolıp tabıladı. Usıģan baylanıslı bilimlendiriw barısı balanıń qızıģıwshılıģına, qábiletliligine hám jeke tájiriybesine baģdarlanıwı lazım, bilimlendiriw iskerliginde, úyreniw barısında balaģa óziniń bar imkaniyatın jeke asırıwģa jaģday tuwģızılıwı kerek.

Bilimlilik-bilim, uqıp hám qábiletliliktiń jıyındısı bilimlendiriw processiniń tiykarģı maqset hám nátiyjesi bolıp, shaxstıń kórkem, ádep-ikramlılıq hám intellektual qásiyetleriniń payda bolıwınıń eń áhmiyetli usıllarınıń biri bolıp tabıladı.

Oqıtıw - bul bilimlendiriw processiniń ózine tán jámiyetlik kórinisi bolıp, ol úzliksiz bilimlendiriw sistemasında jámiyetlik áhmiyettegi bilimlerdi meńgeriw maqsetinde basqıshlı túrdegi oqıw iskerligin shólkemlestiriwden ibarat.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa bilim hám tárbiya beriwdiń mazmunın hám wazıypaların jańartıw, balanı mektepke tayarlaw, densawlıǵın bekkemlew, insanıylıq pazıyletlerdi hám estetikalıq tárbiyanı bala sanasına qáliplestiriwde izbe-izlik, baylanıslılıq principin ámelge asırıw arqalı rawajlanıp baradı. Usıǵan baylanıslı, balalar baqshasında tálim hám tárbiya beriwdiń baslı quralı etip – «Ilk qadam» mámleketlik oqıw baǵdarlaması tiykarında ámelge asırılıp kelinbekte. Baǵdarlamada, mektepke shekemgi jastaǵı balanıń oy órisin qorshaǵan ortalıq penen tanıstırıw arqalı keńeytiw, sóylew qábiletin rawajlandırıw, erkin is háreket etiw, alǵan bilimlerin ornı-ornında paydalanıw hám miynet etiwge úyretiw baslı maqset etip alınǵan. Solay etip, sana-sezimdi jetilistiriwdiń negizi bolıp xızmet etetuǵin balanıń tilin, sózlik qorın bayıtıw, erkin, durıs sóyley biliwge úyretiw tárbiyashı-pedagogtıń eń tiykarǵı jumısı bolıwı kerek.

Til - adamlardıń bir-biri menen pikir alısıp, qarım-qatnas jasaytuǵın quralı bolǵanlıqtan, tildiń – tárbiyalıq áhmiyeti de oǵada kúshli. Sonday - aq, til-millettiń, úrp-ádet, dástúrdiń, mádeniyattıń baslı kórsetkishleriniń biri ekenligi belgili. Hár bir xalıqtıń tilinde ózine tán bolǵan sana-sezimniń, oylaw qábiletiniń, minez-qulqınıń ayrıqsha belgileri kórinip turadı.

Til hám til mádeniyatın iyelew – balanıń kishkene jasınan baslap iske asatuǵın hám áste aqırın rawajlanatuǵın basqısh bolıp tabıladı. Solay etip, balanıń tilin rawajlandırıw jumısları shańaraqtan hám balalar baqshasınan baslap úyretilip barılıwı tiyis.

«Ilk qadam» baǵdarlamasında: «Balanı sóylewge úyretiw – tilin rawajlandırıw máselesi barlıq shınıǵıwlarda ámelge asırıladı» - dep ayrıqsha kórsetedi. Baǵdarlamada tildiń áhmiyeti, roli, onı rawajlandırıw, tildiń tazalıǵı, sózdiń seslik dúzilisin iyelew, dawıs hám til mádeniyatın, kórkemlep sóylewdi rawajlandırıw máseleleri jáne de keńirek sóz etiledi.[1]

Balanıń tilin rawajlandırıwda xalıq danalıǵı bolǵan – awızeki xalıq dóretpeleriniń ornı ayrıqsha. Az sóz benen kóp mánisti bildiretuǵın naqıl-maqallar, ertekler, jańıltpashlar, eposlıq shıǵarmalar, dástanlar ásirler boyı áwladtan-áwladqa ótip biziń búgingi kúnimizge jetip kelip balalardı tárbiyalawda úlken ruwxiy azıq bolıp kelmekte. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń sózlik qorı menen sóylew dárejesi haqqındaǵı ilimiy-metodikalıq ádebiyatlarǵa názer awdarsaq, kórnekli psixolog-pedagog ilimpazlar balanıń sózlerdi iyelew qábiletlerin hár tárepleme

izertlegenligin kóriwge boladı. Mısalı, balanıń sózdiń negizgi mánisin túsiniwi tuwralı (L.S.Vigotskiy, A.A.Lyublinskaya), sózdiń grammatikalıq formalarınıń bala tiline qáliplesiwi haqqında (V.P.Vaxterov, F.A.Soxin, A.V.Zaxarova, M.I.Popova), sózlik qordı iyelew nızamlılıqları tuwralı (E.A.Arkin, N.A.Ribnikov), balalarǵa qaraqalpaq tilin úyretiwde didaktikalıq oyınlardan paydalanıw tuwralı (Jumasheva G.X.) hám taǵıda basqalar óz miynetlerinde atap ótedi.

Til – bul xalıqtıń tariyxı. Til xalıqtıń rawajlanıw basqıshınıń hám mádeniyatınıń aynası. Sonlıqtan da tildi úyretiw hám onı asıraw tárbiyashılardıń eń áhmiyetli wazıypalarınıń biri. Sóz járdeminde hár bir insan óziniń oyların, sezim-tuyǵıların, qorshap turǵan ortalıqqa qatnasın, maqtanıshın, quwanıshın hám ashıwın, muhabbatın hám basqa da sezimlerin bayan etedi. Sóz járdeminde adamlar bir-biri menen qatnas jasaydı, óz-ara túsinisip, baylanısadı, birgelikte háreket etedi hám birge islesedi. Sonıń ushın da balalarǵa qaraqalpaq tilin úyretiwde sóylew tili úlken áhmiyetke iye bolıp, ol jámiyetlik sóylesiw formasında qollanılıp turmısımızda tiykarǵı orındı iyeleydi. Balalardıń sóylew tili balalar baqshasında balalarǵa qaraqalpaq tilin úyretiw barısında qáliplesedi.

Kópshilik jaǵdaylarda sóylesiw, dialog dúziw jaǵdayları ózgergende balalar sóz hám sóylemlerdi dım áste zordan tańlaydı. Al, gey bir balalar úlgi yamasa súwretler boyınsha da jańa dialoglar dúze almaydı. Bunıń sebebi tárbiyashılarımızdıń teoriyalıq hám metodikalıq tayarlıq dárejesiniń tómen bolǵanınan, házirgi psixologiya hám pedagogika ilimi jetiskenlikleri haqqındaǵı biliminiń anıq bolmaǵanlıǵı. Awızeki qaraqalpaq tilin úyretiwde intensiv oqıtıw metodların biliwleri zárúr. Tárbiyashılar balalardıń sóylew kónlikpelerin qáliplestiriwde dóretiwshilik xarakterdegi tapsırmalardı qollanıwdıń áhmiyetliligin hám rolın durıs bahalawı kerek.

Bilimlendiriw tarawınıń, ásirese mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasınıń sońǵı jılları balalardıń sóylew kónlikpelerin qáliplestiriw hám olardıń til órisin rawajlandırıw, olardı qaraqalpaq tilinde erkin sóylesiwge úyretiw máselelerine ayrıqsha dıqqat bólinip atır. Al, úyretiwdiń óziniń nátiyjeliligi kóbinshe úyretip atırǵan tárbiyashınıń bergen tapsırmasına emocionallıq jaqtan qalayınsha qatnas jasawına, payda bolǵan jaǵday onda qanday sezimlerdi oyatıwına baylanıslı. Bunday emocionallıq kórinisler balanıń tek intellektuallıq jaǵınan ǵana emes, al onıń aqılıy hám ruwxıy jaqtan rawajlanıwına, dóretiwshilik uqıplarına da kúshli tásir etedi, sonıń menen birge, eń áhmiyetlisi bala óz pikirin qaraqalpaq tilinde erkin ayta alatuǵın boladı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balanı emocionallıq jaqtan rawajlandiriw hám sóylew kónlikpelerin qáliplestiriw tálim-tárbiya processiniń barlıq tárepleriniń

nátiyjeliligin támiyinleytuǵin eń áhmiyetli shártleriniń biri. Shaxstıń rawajlanıwın sıpatlaytuǵın hám onı úlken iygilikli is-háreketke ruxlandıratuǵın, joqarı ádep-ikramlılıq sezimler balada tuwılǵanınan-aq tayar halında bolmaydı. Olar balalıq dáwiri dawamında sociallıq jaǵdaylardıń hám tárbiyanıń tásiri astında payda boladı hám rawajlanadı.

Mine usıǵan baylanıslı balalardıń turmısına qızıqlı, mazmunlı kórinis beretuǵın, olarda quwanısh sezimlerin oyatatuǵın hám olardıń qaraqalpaq tilinde sóylew kónlikpelerin qáliplestiriwge ayrıqsha itibar berilmekte. Bul álbette balalardıń tilin, oy-órisin rawajlandırıwǵa úlken tásir jasaydı.

Pedagoglardıń wazıypası - balalardıń qarım-qatnasqa kirisiwge bolǵan qızıǵıwshılıǵın xoshametlendiretuǵın ortalıqtı jaratıw hám balalardıń ózgeriwshen mútajliklerine qaray, waqıtında kerekli sharayatlardı maslastırǵan hámde olardı baqlawdan ibarat. Individual yamasa kishi toparlar ushın tapsırmalar ata-analar menen sáwbetleskennen keyin, kónlikpelerge bólek itibar beriw ushın islep shıǵıladı. Ata-analar hám shańaraqtıń basqa aǵzaları shınıǵıwlarǵa kelse, olar óz perzentlerinde qızıǵıwshılıqtıń artıp baratırǵanlıǵın, umtılıwdıń ósip atırǵanlıǵı seziledi hám tálim procesi qalay alıp barılıp atırǵanlıǵın, keleshekte bilimli, dóretiwshi shaxslar bolıwı ushın balalar qanday óz-ara baylanıs ornatıp atırǵanlıqları, ızlenip atırǵanlıqları, tańlap atırǵanlıqları hám bilim hám de kónlikpelerdi iyelep atırǵanlıqlarınıń guwası boladı.[2]

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde shólkemlestiriletuǵın rawajlandırıwshı oraylarındaǵı processler balalardıń turaqlı túrde jańa bilimlerdi ózlestiriwine, bekkemlewine járdem beredi. Balalardı óz bilimlerin erkin toltırıp barıw, ótip atırǵan jańalanıw processlerine múnásip beyimlesip barıwǵa úyretiw rawajlandırıwshı oraylarınıń tiykarǵı maqseti bolıp esaplanadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde alıp barılatuǵın rawajlandırıwshı oraylarınıń jumıslarında balalarǵa tómendegiler úyretiledi: -mashqalalardı sheshiw; -dóretiwshilik, oylaw hám oylap tabıwshılıq imkaniyatların kórsetiw; - adamlar, jámiyet, mámleket, qorshaǵan ortalıq haqqında ǵamxorlıq etiw. Aqılǵa uǵras shólkemlestirilgen salamat sociallıq-ruwxıy ortalıq balalarda izleniwge, baslama kórsetiwge hám dóretiwshilik qábiletlerin oyatadı.

**Ádebiyatlar**

1. “Ilk qadam”. Mámleketlik oqıw dasturi. – T., 2022.
2. D.R. Babaeva “Nutq ostirish metodikasi” oquv qollanma T.: TDPU 2016.
3. F.R.Qodirova. R.M. Qodirova. «Bolalar nutqini rivojlantirish nazariyasi va metodikasi». T., «Istiqlol», 2006.

4. Qodirova R.M. Maktabgacha yoshdagi bolalarda dialogik nutqini rivojlantirishning ruhiy omillari. Qozoġiston, Sariyoġoch, 1998.
5. Golovin B.N. Vvedenie v yazikoznanie. - M.: 1977.
6. Jumasheva G.X. Balalarġa qaraqalpaq tilin úyretiwde didaktikaliq oyınlardan paydalanıw. - N. «Bilim», 2001.
7. Kutlimuratovna, Sh. X. (2023). Psychological and pedagogical conditions for the formation of students of higher education institutions for teaching rhetoric to children of school age. *International journal of recently scientific researcher's theory*, *1*(3), 190-194.
8. Тлеумбетова, К., & Артыкбаева, Д. (2018). Профессиональная деятельность педагога. In психология и педагогика творчества (pp. 80-81).
9. Bazarbaeva, A. (2023). Methodology for developing the activity of future educators'cognitive abilities. Science and innovation, 2(B8), 48-51.м